



Pou Piblikasyon Imedya: 19/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AMELYORASYON NAN LARI VIL LA NAN KAD
PWOJÈ OTOWOUTT KENSINGTON LAN NAN VIL BUFFALO**

Amelyorasyon yo pral fèt sou wout detou lokal potansyèl yo

*Anons lan vini anvan [reyinyon piblik 20 jen yo](#) kòm yon pati nan pwosesis
angajman piblik kontinyèl la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke nan kad Pwojè Otowoutt Kensington lan, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York an kowòdinasyon ak Administrasyon Otowoutt Federal (Federal Highway Administration, FHWA) la, ap planifye pou l fè amelyorasyon nan lari lokal ki nan yon distans 14.484 kilomèt epi amelyore akomodasyon pou pyeton ki nan vwazinaj imedya pwojè a. Wout asfalte, twotwa modènize ak lòt amelyorasyon yo pral fèt nan lari yo sou toude bò Otowoutt la kòm yon pati nan objektif pwojè a pou rekonekte katye yo ak ranfòse kominote lokal yo ki te divize akòz konstriksyon otowoutt la. Yo te fè anons lan anvan reyinyon piblik ki gen pou fèt demen nan Buffalo Museum of Science soti 11:00 AM pou 2:00 PM ak 5:00 PM pou 8:00 PM pou bay kominote a yon mizajou sou pwogrè pwojè a pandan pwosesis Evalyasyon Anviwònman an ap kontinye.

"Pwojè Otowoutt Kensington lan se yon opòtinite san parèy pou repare tò pase yo ki te divize rezidan Lès Buffalo yo epi ki te vòlè yo espas enpòtan nan kominote yo a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a pral pèmèt nou non sèlman reyini kominote sa yo, men tou pral ba yo enfrastruktir ki pral ede konstwi yon avni ki pi briyan pou Lès Buffalo. Rezidan yo pral gen yon kominote ki pi agreyab pou viv, aksesib a pye epi ki pi byen konekte gras a pwojè jenerasyon sa a".

Plan k ap devlope kounye a mande pou lari lokal yo andedan limit pwojè a dwe moulen ak kouvri avèk nouvo asfalt. Y ap ranplase twotwa yo, ranp yo ak tabliye pou antre kay yo epi amelyore jan sa nesesè pou satisfè egzijans Lwa sou Ameriken andikape yo epi amelyore mobilite ak sekirite pou pyeton yo. Ekleraj lari ak limyè sikilasyon yo pral amelyore tou jan sa nesesè. Nouvo zèb ak pye bwa ka ajoute ladan tou. Fwontyè travay sa a pral ant Wohlrs Avenue ak Fillmore Avenue soti nan Genesee Street/High Street nan Sid rive nan Northland Street nan Nò.

Ansanm ak amelyorasyon nan lari yo ak amelyorasyon akomodasyon pou pyeton yo, lòt chanjman yo enkli ajoute yon opsyon wonpwen ki elaji Best Street anplis entèseksyon limyè sikilasyon yo te diskite anvan.

Plan kapital sou senk ane, 32.8 milya dola, istorik Gouvènè Hochul la nan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) ke yo te adopte nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a gen ladan finansman pou rekonekte katye lès-lwès yo atravè seksyon deprime koridò Otowout Kensington lan nan Lès Buffalo epi re-etabli espas vèt la ke Humboldt Parkway te bay nan kòmansman san yo pa konpwomèt kapasite alontèm lyen transpò rejyonal enpòtan Otowout la te founi.

An desanm 2022, DOT, nan tèt ansanm ak Administrasyon Federal Otowout la, te konplete [Rapò Kadraj](#) pou pwojè Otowout Kensington lan, ki te idantifye altènativ konstriksyon an pou avanse pou plis etid nan pwosesis anviwònman an. Altènativ konstriksyon an gen ladan ranplasman otowout souteren avèk yon tinèl sis vwa ant Dodge Street ak Sidney Street ak koneksyon kominote amelyore yo. Revizyon anviwònman an ap kontinye, pandan DOT ap evalye opòtinite pou kreye nouvo espas piblik ouvè epi amelyore sekirite pou bisiklèt ak pyeton. Otowout Kensington lan transpòte apeprè 80,000 machin chak jou.

Otowout Kensington lan ki te konstwi pandan ane 1950 ak 1960 yo, te ranplase sa ki te yon gran boulva twa vwa - Parkway istorik Humboldt la ke Frederick Law Olmsted te konsevwa - ak yon otowout anba tè ki te koupe koneksyon ant katye ki ozanviwon yo. Avèk jiska 1 milya dola Gouvènè Hochul mete sou kote pou pwojè sa a nan Lès Buffalo, katye yo ki te mal divize pa konstriksyon orijinal Otowout Kensington lan, pral reyini yon lòt fwa ankò.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Enterè Gouvènè Hochul pou envesti nan moun ak rekonekte kominote atravè New York, dirèkteman refilete nan pwojè sa a, konsa, Depatman Transpò a ap travay ak kominote a - koute epi fè ajisteman nan pwojè sa a jan sa nesèsè, epi devlope nouvo pwopozisyon ki pral amelyore sekirite ak kalite lavi pou sitwayen Lès Buffalo yo. Konstriksyon orijinal Otowout Kensington lan te fouye yon twou nan kè Lès Buffalo. Pwojè sa a pral ede ranpli twou sa a, pandan l ap geri blesi ke konstriksyon Otowout la te pote bay rezidan tou de bò 33 a".

An total, plan kapital Depatman Transpò a gen ladan prèske 3 milya dola pou pwojè enfrastrikti ki fè pwomosyon ekite, konektivite ak opòtinite transpò milti-modal pou kominote atravè Eta New York yo. Anplis pwojè Otowout Kensington lan nan Lès Buffalo a, pwojè sa yo enkli rekonstriksyon Echanjè Bruckner-Sheridan nan Hunts Point nan Bronx, sa k ap transfòme Otowout Bouk Enteryè ki egziste deja a pou tounen yon boulva kominotè nan Rochester, pwojè vyadik I-81 nan Syracuse, epi kouvri kèk pati nan Otowout Cross-Bronx nan Bronx.

Epitou, nan kòmansman ane sa a, yo te anonse ke yo te bay yon [sibvansyon konstriksyon kapital 55.59 milyon dola](#) pou pwojè Otowout Kensington lan atravè

Pwogram Rekonekte Kominote Depatman Transpò Etazini. Pwogram nan, Lwa sou Enfrastrikti Bipatit Prezidan Biden lan te kreye, se yon premye inisyativ nan jan li pou rekonekte kominote yo ki pa gen opòtinite epi ki pote fado desizyon enfrastrikti transpò pase yo. Pwojè Otowout Kensington lan se youn nan 45 pwojè k ap resevwa yon sibvansyon istorik 185 milyon dola.

Depatman Transpò a ap kontinye efò sansibilizasyon piblik li yo pandan pwosesis evalyasyon anviwònman an ap pwogrese epi li espere pibliye yon pwojè evalyasyon anviwònmantal pou revizyon piblik nan ete 2023. Yo planifye yon odyans piblik sou evalyasyon an pou otòn 2023.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Pandan plizyè deseni, Otowout Kensington lan te divize katye Buffalo yo, men gras a Lwa sou Enfrastrikti Bipatit ak Travay mwen te pèmèt yo rive pwomilge a ak lidèchip fòmèdab Gouvènè Hochul, nou ap repara tò pase yo ak transfòmè relik pase ki divize sa a pou estimile nouvo opòtinite ekonomik nan Kòt Lès Buffalo. Mwen te asire ke Buffalo te pami premye nan nasyon an ki te itilize Pwogram istorik Rekonekte Kominote a ki te resevwa yon gwo investisman federal 55+ milyon dola epi nou apèn ap kòmanse. Amelyorasyon nan lari yo jodi a pral ede pèmèt chofè yo ak pyeton yo gen yon trajè ki pi an sekirite, epi mwen fyè dèske m travay ansanm ak Gouvènè Hochul pou ede reyini Kòt Lès Buffalo ak katye adjasan yo ke Otowout Kensington te divize san rezon, epi mwen p ap sispann goumen jiskaske nou repara tò sa a ki gen 50 an".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Pandan n ap travay pou rekonekte yon kominote, nou dwe gade pi lwen pase yon otowout divize epi jwenn fason pou nou pote chanjman dirab moun merite a. Apwòch sa a amelyore posibilite pou mache, sekirite, ak peyizaj nan yon zòn ki etann li sou yon 1,609 kilomèt kare alantou Kensington la. Gras a finansman federal ak eta ansanm ak yon gwo angajman Gouvènè Hochul, Senatè Kennedy ak Lidè Majorite Peoples-Stokes, n ap pote yon transfòmasyon ki rive nan katye yo".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Elaji pòte pwojè istorik sa a pou reyimajine Otowout Kensington lan nan enkli kominote ki alantou yo pral amelyore kalite lavi pou plis rezidan Kòt Lès Buffalo yo", Senatè Tim Kennedy te deklare. "Mwen pa ka tann pou m tande panse vwazen yo nan fowòm ki gen pou fèt yo, epi mwen gen konfyans ke opinyon yo ak kòmantè yo pral kontinye gide desizyon DOT NYS la. Mèsi a manm kominote yo, ki gen ladan Restore Our Community Coalition, pou angajman yo ak devouman yo nan pwosesis enpòtan sa a".

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Amelyorasyon enfrastrikti katye yo anonse sa yo se yon sipriz ki trè byenvini ak yon adisyon nan pwojè a. Plis sekirite piblik, aksè, ak anbelisman pral amelyore kalite lavi rezidan yo nan katye a. Mèsi a NYS DOT pou kreyativite li ak kapasite li pou elaji benefis pwojè a nan katye ki alantou yo".

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Amelyorasyon sa yo ajoute koneksyon ak pi bon posibilite pou mache pou rezidan yo nan zòn pwojè a epi se pral yon bon bagay pou kominote a".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)